



MassHealth la pou l ede w pandan gwosès ou a e apre gwosès la.

mass.gov/masshealthpregnancy

Kontakte Masshealth pou w di n ou ansent.

MassHealth kouvri sèvis swen nan gwosès, akouchman, e pandan yon lane apresa, kèlkeswa estati w nan imigrasyon oubyen kòman gwosès ou a fini.

Asire w di MassHealth ou ansent pou w ka resevwa tout benefis ou admisib pou w resevwa. Ou gendwa fè nou konnen nan telefonnen sant sèvis kliyan MassHealth la nan (800) 841-2900, TDD/TTY : 711.

Eskane kòd QR la pou w jwenn plis fason pou w fè n konnen ou ansent.



Pwograme yon konsiltasyon pou swen prenatal

Ale wè yon founisè swen nan kòmansman yon gwosès trèzenpòtan pou oumenm e pou tibebe ou a byen pòtan.

Doktè jeneralis k ap suiv ou a (primary care provider, PCP) oubyen plan asirans sante w la ka ede w jwenn yon obstetrisyen oubyen jinekològ (OB/GYN), fanmsaj sètifye (certified nurse midwife, CNM), oubyen lòt founisè swen prenatal.

Pale avèk founisè ou a depi w ta bezwen transpò ki gendwa kouvri nan MassHealth.

Enskri nan Women, Infants & Children Nutrition Program (WIC)

WIC founi nouriti sen, fòmasyon sou nitrisyon, èd nan bay tête, e plis toujou ki gratis pou fanmi nan Massachusetts ki admisib. Pifò manm MassHealth ki ansent kalifye pou WIC.

Pou plis enfòmasyon e pou enskri, telefonnen WIC nan (800) 942-1007.

Kontakte plan asirans sante MassHealth ou a depi w gen youn

Plan asirans sante MassHealth ou a ka di w si w ka jwenn benefis siplemantè tankou chèz machin gratis pou tibebe, èd nan lojman e nan nouriti, e jesyon swen.

Telefonnen nan (800) 841-2900, TDD/TTY : 711 pou w jwenn plis enfòmasyon sou plan MassHealth ou a.

Pou soutyen siplemantè, reflechi sou jwenn yon doula

Founisè doula MassHealth ou a ka bay gratis oumenm ak fanmi w yon soutyen emosyonèl, enfòmatif e fizik ki pa medikal an fonksyon bezwen inik nou yo.

Pou plis enfòmasyon sou swen doula e kòman pou w jwenn yon doula nan MassHealth ou mèt eskane kòd QR la oubyen monte nan mass.gov/masshealthdoulas.

Kòmanse fè plan pou apre nesans tibebe w la

Ranseye w sou pwogram e sou resous ki gendwa ede oumenm ak fanmi w, tèlke konje familyal epi medikal peye e opsyon nan okipe timoun.

Pale avèk founisè swen medikal ou a sou jan pou kenbe ni oumenm ni tibebe w la an sekirite, kisa k ap rive apre akouchman an, e kòman ou gen lentansyon nouri tibebe w la. Epitou founisè swen medikal ou a ka ede w jwenn gratis yon ponp lèt matènèl e sak pou sere lèt ki kouvri nan MassHealth.

Eskane kòd QR la pou plis enfòmasyon.

